

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun.

- a. Kaayaan administratif Désa Lebakmuncang Kecamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung aya dina *ketinggian* 1200 meter *di atas permukaan laut (dpl)*. Ieu désa legana 800,26 Ha. Pakasaban masarakat désa Lebakmuncang lalobana kana tatanén, lantaran Désa Lebakmuncang mangrupa désa wisata édukatif tatanén di Kabupatén Bandung. Jarak ti pamaréntahan kacamatan 1 KM, jarak ti ibu kota kabupatén 15 KM, jarak ti ibu kota provinsi 35 KM, sedengkeun jarak ti ibu kota Nagara 215 KM. Kondisi topografina kaasup kana wilayah dataran luhur, nu nyababkeun iklim di ieu wilayah tiis. Suhu udara di Désa Lebakmuncang rata-rata 18°-20°C, sedengkeun curah hujanna rata-rata 60 mm/th. Kabutuhan cai di ieu désa kawilang cukup loba lantaran langsung ti pagunungan. Désa Lebakmuncang ngawengku 28 RW jeung 90 RT, jadi ieu désa téh mangrupa désa nu panglegana diantara genep désa lainna nu aya di Kecamatan Ciwidéy. Sedengkeun wates wilayah désa Lebakmuncang nyaéta: lebah kalér, désa Rawabogo jeung Néngkélan; lebah kidul, Désa Alaméndah; lebah kulon, désa Mekarwangi Kacamatan Sindangkerta Kabupatén Bandung Barat; jeung lebah wétan, nyaéta désa Panyocokan. Jumlah sakabéh penduduk Désa Lebakmuncang nyaéta 12.840 urang, nu ngawengku 7.032 urang lalaki jeung 5.808 urang awéwé. Tina jumlah penduduk nu sakitu téh kabagi kana 4.087 kepala keluarga (KK) anu sumebar di 28 RW jeung 90 RT.
- b. Sikep basa kulawarga dina ngukuhan basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung kawilang positip tur masih satia kana basa Sunda. Lantaran dumasar data panalungtikan kana ciri-ciri sikep basa nyaéta kasatiaan basa (*language loyalty*), kareueus basa (*language pride*), jeung kasadaran ayana norma basa (*awareness of the norm*) kulawarga di ieu désa masih nyekel pageuh kana basa Sunda salaku basa

kahiji nudipaké sapopoé. Dumasar kana wanda jinis dina hal frekuensi makéna basa Sunda sarua 90%, atawa taya bédana. Dumasar kana umur dina makéna basa Sunda, kalangan budak leuwih héngkér nyaéta 60%, rumaja 75%, jeung kolot pangluhurna nyaéta 95%. Ieu hal nandakeun yén umur mangaruhan pisan kana frekuensi makéna basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Mingkin kolot umur, mingkin sering ogé maké basa Sunda, sabalikna umur budak jeung rumaja leuwih héngkér persentasena lantaran loba kapangaruha ku kaayaan lingkungan, saperti pendidikan, pergaulan, kamekaran téknologi, jsb. Sedengkeun dumasar kana pakasaban, dina hal makéna basa Sunda, pakasaban nu paling luhur tingkat persentasena nyaéta supir 100%, lantaran tara pisan maké basa Indonesia jeung teu pati bisa ngawasa basa Indonesia. Nu kadua pakasaban tani 95%, lantaran patani teu loba pagilingisik jeung basa Indonésia, geus tangtu sapopoéna maké basa Sunda kaasup istiah-istilah dina tatanén maké basa Sunda. Wirausaha 90% sedengkeun nu pakasabana kades, PNS, jeung sakola kelas SMP jeung SMK 85%. Kasieun yén ku lobana wisatawan ngajugjug Désa Lebakmuncang ngajadikeun masarakatna ninggalkeun basa Sunda, justru éta teu kasampak tina hasil panalungtikan.

- c. Faktor nu ngalantarankeun ayana robahna basa jeung ngésérna basa di Désa Lebakmuncang nyaéta, 1) faktor kamekaran téknologi, nu loba mangaruhan barudak dina hal ngawasa basa Sunda salaku basa indungna, lantaran produk kamekaran jaman saperti internet, game *online*, *point blank*, *facebook*, *twitter*, *jrrd*, kacida mangaruhan pisan kana frékuensi makéna basa Sunda di tataran barudak, kitu ogé pangaruh tayangan *televisi/tv*; 2) faktor pendidikan, lantaran loba sakola-sakola kaasup PAUD anu ngagunakeun basa Indonesia salaku basa panganteurna di sakola, ieu hal ngabalukarkeun barudak miboga *perspektif* yén basa Indonesia leuwih luhung kalungguhanana ti batan basa Sunda.
- d. Faktor anu ngarojong jeung nyandet kana ngukuhan basa Sunda di Désa Lebakmuncang aya sababaraha faktor. Faktor nu ngarojong nyaéta, 1) faktor *Loyalitas* Kulawarga jeung Masarakat, sikep kulawarga jeung masarakat anu

satia pikeun maké basa Sunda dina kahiruan sapopoéna, ngajadikeun basa Sunda tetep diwariskeun ka générasi-générasi nu bakal datang. Kulawarga jeung masarakat di Désa Lebakmuncang ngarasa reueus saupama maké basa Sunda, lantaran basa Sunda mangrupa basa indung nu kudu dimumulé tur dipaké; 2) faktor kabudayaan Désa Lebakmuncang, ayana seni kabudayaan asli ti Désa Lebakmuncang saperti “Bangkong Réang”, kacapi suling, gamelan mangrupa media pikeun ngawanohkeun basa Sunda ka kalangan barudak. Lantaran dina ieu kasenian medium basa nu dipakéna nyaéta basa Sunda; 3) faktor museurna padumukan penduduk, faktor ieu ngabalukarkeun masarakat leuwih babari dina hal silih ajénan sasama kulawarga maké basa Sunda; 4) faktor pakasaban, pakasaban masarakat nu umumna kana tani ngajadikeun *inténsitas* pagilinggisik jeung basa Indonesia jarang pisan. Lantaran istilah-istilah dina tatanén gé ngagunakeun istilah dina basa Sunda, saperti ngawaluku, tandur, jrrd, jeung 5) faktor peraturan bupati jeung kadés, anu ngawajibkeun sakabéh masarakat unggal poé Jumaah ngagunakeun basa Sunda. Sedengkeun faktor anu nyandetna nyaéta, 1) faktor kamekaran téknologi; jeung 2) faktor pendidikan, anu umumna sakola-sakola di Désa Lebakmuncang kaasup PAUD, ngagunakeun basa Indonesia salaku basa panganteurna. Ieu hal ngabalukarkeun barudak miboga *perspektif* yén basa Indonesia leuwih luhung kalungguhanana ti batan basa Sunda.

5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sawatara saran anu hayang ditepikeun ku panalungtik pikeun kamekaran basa Sunda sangkan tetep nanjeur.

- a. Salian panalungtikan ngeunaan sikep basa, dina ulikan sosiolinguistik masih kénéh loba nu bisa ditalungtik dumasar kana *fenomenamasarakat*, boh éta di désa boh éta di désa. Saperti pemeroléhan basa jeung tindak tutur nu kudu leuwih dieuyeuban deui ngeunaan panalungtikanna.
- b. Para *stakeholder* nu ngokolakeun désa wisata, leuwih hadé saupama salian ti ngawanohkeun kabeungharan alam (tatanén) Désa Lebakmuncang ka para

wisatawan, masarakat Désa Lebakmuncang leuwih hade saupama ngawanohkeun ogé basa Sunda ka wisatawan, sok sanajan dina hal leutik saperti dina kandaga keca, babasan jeung paribasa, jrrd.

- c. Hasil ieu panalungtikeun dipiharep bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan-panalungtikan séjénna anu sajenis, tur bisa dijadikeun bahan ajar di sakola.
- d. Dipiharep kantor désa bisa ngeuyeuban deui bacaan-bacaan ngeunaan kasundaan, sangkan masarakat Désa Lebakmuncang leuwih bisa ngaronjat deui dina hal maluruh kasundaan ku cara maca.

